ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№56 (22.714) • 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adygheafm11.ru adyghepsalm.ru

Медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм зыщагъэгъуазэ

● Дыгъуасэ

Къубэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ дыгъуасэ къэкIуащ УФ-м узышIагъэр хьумэнымкIэ и министр Скворцовэ Вероникэ, абы и къудэгъ Яковлевэ Татьянэ, Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым и унафэщI Стадченкэ Наталье, УФ-м узышIагъэр хьумэн IэнатIэм кIуныпынымкIэ и IуэхущIапIэм и нэхъыщхьэ Мурашко Михаил сымэ зыхэт гуп. Хьэщ1эхэм аэропортым дек щапежащ КъБР-м и IуэхущIапIэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Марьян Ириной, республикэм узышIагъэр хьумэнымкIэ и министр Щэт Ирмэ, медицинэ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIхэр, журналистхэр.

ФIЭХЪУСЫР зэрызэфIэкIыну, гупыр ирашэжащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэ зыбжанэм я Iуэху зыIутыр ирагъэпъагъуну. Апхуэдэу ди IэнатIэм электрон Iэмалхэр къыщыдогъэсебэп, абы и фIыгъэкIэ щIыхуэхэр чэзум хэмыту, здэкIуэну дохутырым и деж регистратурэм зыщрагъэтх. Ильэсий хьуаеу поликлиникэм щекIуэкI лэжьыгъэм.

- Ди поликлиникэм кьеплъхапI щIыху мин 70-м нэблагъэ, - жиIащ Къаскъулым. - Ди деж къекIуалIэхэм медицинэ IуэхутхьебэI зэхуэмыдэу 28-рэ яхудощI. Поликлиникэм щекIуэкI лэжьыгъэм ухэзыгъэгъуазэ хьыбар кIэщIхэр IуэхущIапIэм и пэIущIэ пэшым деж щыбгъуэтынущ. Апхуэдэу ди IэнатIэм электрон Iэмалхэр къыщыдогъэсебэп, абы и фIыгъэкIэ щIыхуэхэр чэзум хэмыту, здэкIуэну дохутырым и деж регистратурэм зыщрагъэтх. Ильэсий хьуаеу поликлиникэм хэтщ махуэрылажьэ сымаджэщ. Сымаджэм етхьэлIэну хущхьуэхэмкIэ нэсу дыкъызэгъэпэщащ. Къищынэмыщ1ауэ, ди мурадщ зэман гъунэгъум амбулаторэ хирургие IэнатIэ поликлиникэм кьыщызэIутхьну.

IуэлIят кьыхигъэщащ я IуэхущIапIэм щIэныгъэ гугъуехьхэри. Апхуэдэу яIэ медицинэ Iэмэпсымэхэм ящыщ куэдыр зэхъуэкIын хуейщ, УЗИ аппаратыр лажьэхэр-кьым.

УФ-м узышIагъэр хьумэнымкIэ и министрыр медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм щыщIэупщIэм, Къаскъулым жиIащ дохутырхэм сом мин 27-м, медсестрахэм сом мин 17-м, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэм сом мини 10-м нэблагъэ къызэрахьыр.

Адэкlэ хьэщIэхэр щыIащ Кардиологие центрым. IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодар абыхэм яригъэлъэгъуащ реанимацэ кьудамэр зэрылажьэр, и гугъу ищIащ зыхуэныкьуэ Iэщ1агъэлIэхэмкIэ зэрызэрызэгъэпэщам, реаниматолог лъэщхэр зэраIэм, абыхэм Москва, Саратов, Ростов дэт медицинэ еджапIэхэм, центрхэм я щIэныгъэм, Iэзагъым зэрыщыхагъахьуэм.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэжэр Хьусен хьэщIэхэм япэу яригъэлъэгъуащ Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрыр. Абы и унафэщI Къуэжей Заур жиIащ ар иджырей мардэхэм тету къызэрызэгъэпэщар, сыт и лъэныкьуэкIи зыхуей хуэгъэза реанимацэ кьудамэ зэраIэр, зыхуеину Iэмэпсымэхэр къаззрыIэрыхьэр, абы щыIэжьэну ЕщIагъэлIхэми я Iэзагъым кьэралым и медицинэ еджапIэ нэхъыфIхэм зэрыщыхагъахьуэр.

Абдеж щалъэгъуаэхэм арэзы къызэрыщIар кьыхагъэри, аэр адэкlэ еплъащ хирургие корпусым щекIуэкI лэжьыгъэм. Абдежым кьыкьыщыхагъэщащ медицинэ Iэмэпсымэщ1эхэр кьаззрыIэрыхьар, унэтIныгъэм щIэуэ кьыхьхь иджырей мардэхэм тету я лэжьыгъэр къызрызэрагъэпэщым я фIыгъэкIэ, абы иджы операцэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэри щащIыфыну зэрыщытыр.

* * *

ЗэIущIэм щыпащащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм. Ар къызэIуихащ КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий.

- Цыхуэхэм я узышIагъэмрэ гъащIэмрэ хьумэным нэхъри нэхъыщхьэ социальнэ кьалэнхэм яхэтхьэм, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Абы кьыхэкIыри узышIагъэр хьумэнымкIэ, IэнатIэм зегъэужьынымкIэ узышIагъэр хьумэнымкIэ, IэнатIэм зегъэужьынымкIэ узышIагъэр хьумэн IэнатIэм нэхъ щыбзыхуаз УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накьыгъэ мазэм кьыдигъэкIа указхэр зэсу гъэзэщIа зэрыхьуным дыхущIокъу. Дэ тхуэзфIокI къэдгъэнэнукъым республикэм узышIагъэр хьумэн и IэнатIэр ефIэкIуэн папщIэ.

Скворцовэ Вероникэ къыхигъэщащ здэщыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым арэзы къызэрищIар, абы кьыдэкIуэуи жиIащ я унэтIныгъэмкIэ зэфIагъэкIыну кьапэщылъыр зэрымыащIэр. Министрыр зэхэхауэ кьыпеувыащ республикэм узышIагъэр хьумэн и IэнатIэм нэхъ гулъытэ зыхуащIын хуей IуэхугъуэхэмI, Iэщ1агъэлI хьарзынэхэр зэраIэр икIи абыхэм я зэфIэкIыр кьагъэсебэпыну Iэмал етын зэрыхуейр.

Я Iуэху еплъыкIэхэр кьагъэпъагъуэу, лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэфыну жэрдэмэхэр кьыхалъхьэу здыдэкIэ кьынэсэлъащ УФ-м узышIагъэр хьумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ Яковлевэ Татьянэ, Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ фондым и унафэщI Стадченкэ Наталье, УФ-м узышIагъэр хьумэн IэнатIэм кIэлъплъынымкIэ и IуэхущIапIэм и нэхъыщхьэ Мурашко Михаил сымэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Из.

КIуэкIуэ Юрий яхуэзащ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIхэм

КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ яхуэзащ Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Шкловец И. И., а федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкьуэгъу Семушев А. П. сымэ. ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ лэжьащIэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшынэныным, бюджет IэнатIэм щат улахуэм хэгъэхьэным, лэжьыгъэм ехьэлIа зэпыщIэгъэныгъэхэр егъэфIэкIуэным.

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накьыгъэм и 7-м кьыдигъэкIа Указыр зэрагъэзащIэр убзыхуным хуэгъэзауэ Лэжьыгъэмкlэ къэрал инспекцэм КъБР-м и бюджет IэнатIэм и Iуэхущ1апIэхэм щыIэ щытыкIэр кьипщытащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, зэман пыухькIам тещIыхьауэ яубзыхуауэ щыта Iуэхуэхэр мыбзаджэу гъэзэщIа мэхъу. Ауэ абы къыдэкIуэу кьагъэлъэгъуащ ныкъусаныгъэ пыухькIахэри зэрыщIэр икIи аэр гъэзэкIуэжьныкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэхэр зэфIигъэкIыну КъБР-м и Правительствэм кьалэн щащIащ.

КIуэкIуэ Юрий и псэльэгъуэм фIыщIэ яхуищIащ цIыхуэхэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщын и льэныкьуэкIэ КъБР-м щыIэ гугъуехьхэр нэсу къаззрыгурыIуэм папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Жэуаплыныгъэр зыхащIэу

ЗэIущIэ кIуам зыщыхэплъахэм пащэу, КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэхьилхэм щызэпкрахащ 2012 гъэм накьыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкIа указхэр республикэм зэрыщагъэзащIэр. Абы и льэныкьуэкIэ нэгъабэ яхуэзэфIэкIахэм зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, узышIагъэр хьумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ министрхэу Тюбеев Альберт, Щэт Ирмэ, Емуэ Нинэ сымэ.

ТЮБЕЕВ Альберт зэщIхьэщыхауэ кьытеувыIащ «Къэрал социальнэ политикэр пкыгъэкIынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхуэмкIэ» УФ-м и Президентым и Указ №597-р зэрагъэзащIэм.

- IэнатIэхэм улахуэм зэрыщыхагъэхьуэну щIыкIэм и Программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьищIащ икIи абы и япэ Iыхьэм щыгъэбелджыла псори нэгъабэ зэфIэтхащ. Кьапщтэмэ, илъэс кIуам республикэм ику ит улахуэр, 2012 гъэм ельытауэ, процент 11,8-кIэ кьыщIэтамэ, егъэджэныгъэм, узышIагъэр хьумэным, социальнэ социальнэу кьащхьэщыжьным и IэнатIэхэм, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 34,8-кIэ, 37,1-кIэ, 34-кIэ щыхагъэхьуащ. Программэм и пщалъэ-правовой льабжьэр, социальнэ Iэхущ1апIэхэм я «Гъуэгу картэхэр» зэрыдгъэхьэзырам, лэжьыпхъэхэр и зэрыщагъэфIэгъэкIам экономикэ фейдэуэ сом мелуан 249,3-рэ кьыпэкIуащ. Зи гугъу тщы IэнатIэхэм ику ит улахуэм щыхэгъэхьуэным сом мелардэ мел-уан 690-рэ хухахащ. Абы щыщу сом мелуан 788,8-р республикэ, мелуан 901,2-р федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIащ, - жиIащ министрым. - Программэм и етIуанэ Iыхьэр гъэзэщIэным щIэддащ. Мы гъэм профессиональнэ пщалъэхэм кьагъэувхэм тету а Iуэхум делэжьынущ. Нобэ ирихьэлIэу федеральнэ пщалъэу 19 кьащтащи, абыхэм дрогъуазэ. Ныкъуэдыкъуэ 98-рэ IэнатIэкIэ кьыздэгъэпэщын хуейти, 99-м яхуэгъэкъарууну лэжьыгъэ кьахуэдгъуэтащ. Социальнэ Iуэхущ1апIэхэм ику ит улахуэм адэкIи щыхэдгъэхьуэн папщIэ, мы гъэм щхьэхуэу сом мелардэ мелуан 83,4-рэ дыхуеинущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Губгъуэ лэжьыгъэхэр

Гектар миным щIигъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщIэхэм горохыр, хьэр, эфтхьэр тесэн щIадзащ.

НОБЭ ирихьэлIэу къэкIыгъэ пасэхэм я жылэхэр гектар миным щIигъуэ хагъэзэгъащ. Псори зэхэту мы гъэм абыхэм гектар мин 225-рэ хухахынущ.

Гектар мин 67-м щIигъуэ щызэрахь: бжьыкьхьэ къэкIыгъэхэр тепIыфIэщ, Iэщ1агъэлIхэм къызэралыгъэмкIэ, зыхьанэу зауэ, Бжьыхьэсэу гектар мин 5 ягъэшIэрщ.

ХьэпIащIэхэмрэ узхэмрэ къэкIыгъэхэр зэрыщащхьэмэну щIыкIэми хуэхьэзырщ.

САМЧЕНКЭ Светлан.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 22, щэбэт

◆ **Псым и дунейпсо махуэщ**

◆ **Балтие тенджызым и дунейпсо махуэщ**

◆Лондон кьыдэкI газетым 1904 гъэм яп дыдэу кьытрадзауэ щытащ сурэт щхьэхкIэпIыкIэ.

◆Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессору щыта **ФиIэпщ Борис** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

◆ Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хъурей Арсен** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 13, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 23, тхьэмахуэ

◆**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

◆**Гидрометеорологие къулыкъым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

◆ 1919 гъэм Башкир АССР-р къызэрагъэпэщауэ щытащ. 1992 гъэ льандэрэ Башкортостан Республикэщ.

◆ Франциэм щекIуэкIынущ муниципальнэ къыхыгъэхэм я зэп Iыхьэр. ЕтIуанэр гъатхэпэм и 30-м траухуащ.

◆Белоруссием щIыпIэ советхэм я депутатхэр щыхах.

◆ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Ачмыз Айдэмыр** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

◆ Зенкъуэ къуажэм щыIэ зиIэ и цIыху, Iэрыгъуэатдж **Хьэфыцэ Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

◆УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Абаз Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 16, жэщым градуси 4 - 11 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 24, щэбэт

◆**Жьэн узым ебзыным и дунейпсо махуэщ**

◆ 1898 гъэм урыс еджагъэшхуэ Попов Александр дунейм щыяпэу радио кьигупсысащ.

◆Гъатхэпэм и 24 - 25-хэм Гаагэ (Нидерландхэм) щекIуэкIынущ къэрал 50-м щIигъуэ я унафэщIхэр зыхэтыну, ядернэ шынагъэуэнщагъэ зыкъэгъэпэщыным щытепсэльыхьыну зэхуэсыщхьэ.

◆КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакIуэ **Арэшыкьуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

◆ Философие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шенкао Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

◆КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хъыдзэдж Борис** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

◆УэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Серов Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

◆ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Щыдакъ Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆ УэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Нэхей Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 14, жэщым градуси 5 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэтэ.**

Махуэшхуэм ирагъэблагъэ

Налшык дэт «КъэуалIэныгъэ» зыфIаща школым дыгъуасэ Iэтауэ щагъэпIащ гъэрэ щIыпIэ щызэхэкI махуэшхуэр. Адыгэ макъамэм уэуIэпишэу къыщеуэ пэшышхуэм щызэхуэсат хьэщIэ пащIэхэр, школакIуэ цIыкIуэхэм я адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

МАХУЭШХУЭР къыхэзыхыха пщащэ цIыкIуэхэм къызэхуэсахэр ирагъэблэгъащ я Тхьэпэлъыщхуэм икIи гъэрэ щIыпIэ щызэхэкI махуэр адыгэхэм зэрагъэпэлпIэу щыта щIыкIэм теухуа хьыбар къаIуэтэжащ. Илъэсыщ1эр а махуэм кьраг1эхьэу, ар нэжгужэу ирагъэкIуэкIыну къызэрекIуэкIар къыжаIэ мыхъуу, утыкум къыщагъэлъэгъуащ еджакIуэ цIыкIухэм. НэхъыжьыIуэхэм гъэрэ щIыпIэ зэрызэхэкIам папщIэ хьэхъуэкIуэ къажаIуэрэ утыкум щагъэува Iэнэ льакъуищым пэрытIыцхьащи, екIуу зэхэсщ, унэгущэм адыгэ шхыныгъуэхэр яхуэзэблех. Нэхъыжьхэр мэхъуаехьуэ:

- Ди уафэр къащхьэу, ди щIыпIэр щхьэнтIэу,
Ди щIалэхэр гъущIыпсэу,
Уэрэд жызыIэр ди хьыджэбзу,
Нэхъыжь зиIэм пщIэ хуэхъу щIу,
Унагъуэ махуэрэ хэкужь махуэрэ Тхьэм дищI!

ЕтIанэгъэ пIалъэ нэхъыфIыжкIэ Тхьэм псори дызэхуигъаз!

Хьэхъуэхэр зэфIэкIа нэужь, щIалэ цIыкIуэр утыкум къохьэ, пасэм адыгэ щIалэгъэбзэрабзэм. Зэхуэсым и кIэухыр адыгэ джэгу зэхаубламутыку кьриишащ махуэшхуэр зыгъэхьэзырахэу сабийхэр кьафэм, адыгэ хабзэм хуезыгъадж Битокъу Бесльэн, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэу Балькъэр Раметэ, Бздэч Салисэт, Мэту Нелли сымэ. Абыхэми къызэхуэсахэм я пащхьэ гуфIэгъуэ хъуэхъуэхэр щыжаIащ. ЗэIущIэм кьрихьэлIа усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхьэзIэ и лэжьакIуэ Джэрыджэ Расиет псалъэ щратым жиIащ:

- ИкъуэкIи ди гуапэщ щIэныгъэм кьыдэкIуэ, хабзэмрэ бзэмрэ ящIэу ди сабийхэр кьызэрызыхуэ ирикIи абыкIэ фIыщIэ ин яхуэфащэщ я кьэру емыблэжу а IэнатIэм зэрытхэм. Сабий акъыльфIэ, щIэблэ зэшыщ я кьызыщIэхъуэн лъэпкъ Тхьэм дищI!

Махуэшхуэр зыгъэхьэзырахэм ящыщ Битокъу Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, еджапIэм гъэсэныгъэ и лъэныкьуэкIэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI.

- Кьафэм нэмыщI, адыгэ хабзэми хащыкIыну сабийхэр догъасэ. Хабзэр щаджыр, щызыхалъхьэр унагъуэращ, дэ абыкIэ яIэ щIэныгъэхэр егъэзэфIэкIуэну яужь дитщ. Щыху хьихьэкIэ, зэкIыжькIэ щхьэхуэхэр адыгэхэм кьадогъуэгурыкIуэ. Дэ дыхущIокъу ахэр ди щIэблэм ядгъэщIэну. Мы еджапIэм махуэшхуэхэр щыдгъэльапIэу дызэбгрыкIыжу мыхъуу, сыхьэт бжьыгъэ хуэхэкуэ кьафэми, уэрэд жьэIэми худогъасэ, сабийм сыт и лъэныкьуэкIи зегъэужьыным доIаIэ. ЕджакIуэ щыкIуэми яфIэфIщ ядгъэщIэ псори. Адэ-анэхэри икьукIэ щIэгъэкъуэн кьытхуохьу.

Адыгэ лъэпкым тхьэлъэIу куэд яIащ. Дэтхэнэри ди зэманым кьыдэтхыныжьну тхуэзэфIэкIынкъым, ауэ щIыхуэ зэхишэу, щхьэж и пщIэр иригъэлъагъужу иджы кьэса тхьэлъэIу махуэшхуэхэр ди щIэблэм ящIэу кьызэзыгъэуну ди гуапэщ. Лъэпкъыр нэхъри зэщIэзыубыдэж, ди хабзэ дахэхэр кьэзэтыжыным телажьэ дэтхэнэми фIыщIэ яхуэфащэщ.

ЩОДЖЭН Iэминат.
Сурэтыр **Мамий Руслан** *трихащ.*

■ ЗэIущIэхэр ■ Гъуэджэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт кьыдэкIыгъуэ ■ Малъхьэдис

Къыфхущащэ Iуэхутхьебзэхэм я фIагъым теухуауэ фыпсальэ хьунущ

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и Iэщ1агъэлIхэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 25-м телефонкIэ жэуап иратынущ республикэм и цIыхухэр зыщIэупщIэхэм. Социальнэ IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкI Iуэхутхьебзэхэр цIыхухэм къызэрыщыхьэр къащIэн папщIэ министерствэм и Iэщ1агъэлIхэм къыпсалъэхэм Iуэху пыухыкIахэмкIи еупщIынущ. 8-800-200-66-07 телефоныр а махуэм псом я дежкIи (жыпI телефонхэри хэту) пщIэнщэу щытынущ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и Парламентым

Законэми къэрал экзамен зэгуэтхэр зэратынуми тепсэлъыхьащ

«Къэрал Іуэхущхэм ятеухуа зэман» проектым хиубыдэу Прохладнэ кьалэм дэт курыт еджапІэ №5-м и класс нэхьыжьхэм щІэсхэр КъБР-м и Парламентым щыхьэщІащ икІи депутатхэм яхуэсащ. Аэр бысымхэм щыгъуаз ящІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи орган нэхьыщхьэр кьызэрыкІэрагъэпэщкІам, абы зэрызиужьам. Еджакіуэхэр зыщІэупщІахэм жэуапхэр ятащ Парламентым и комитет зэмылІэужьыгьуэхэм я унафэщІхэм, депутат щхьэхуэхэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ Саенкэ Татьянэ егъэджэныгъэм и Іэнатіэм ехьэлІауэ иужь зэманым кьащта хабзэ мардэхэм я гугъу щищым кьыхигъэщхьэхукІащ «Урысей Федерацэм зэрыщІагъаджэм и Іуэхукіэ» 2013 гъэм фокІадзэм и І-м щхьэу зыгъуэта федеральнэ законыр, абы ятІупщІ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр «Егъэджэныгъэм и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектым зэрелэжьыр икІи а документыр кьеджэгъуитКІэ зэрыпхрагъэкІар.

ЕджакІуэхэр щІэупщІащ школхэр фІы дыдэу кьэзыухъэм ирату щыта дыщэ медалхэр дяпэкІэ щІыпэрэ щхьэмыпэрэ. Саенкэ Татьянэ абы и жэуапу кьигъэльэгъуащ къэрал экзамен зэгуэтхэр кьыІахьэу зэрыщІадзэрэ дыщэ медалхэм яІа мыхьэнэр зэрафІэкІуэдэр. Аущ Урысейм кьыщащта закономкІэм ипкь иткІэ щыналъхьэхэм хуитынымгъэ ираташ щІэнысгъэшхэу кьэзыгъэльагъуэ еджакІуэхэр нэхьри зэрыгъэгъуэгурыкІуэну Іэмалхэр езыхэм кьыхахьыну.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щыІэ Щалэгъуалэ парламентым и унафэщым и кьуэдзэ Нэзрэн Бесльэн зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щалэгъуалэ палатэм блэкІа хэзыгъуищым кьриубыдэу зэфІигъэкІахэм, парламентар ныбжькъщІэхэм я зэгурыкІэнымкІэ кьызэрагъэпэщ щыІэм. Апхуэдэу абы кьихигъэщхьэхукІащ Америкэм зэрыщІагъаджэ щыкІэр егъэлеяуэ хьэлэмэту кьызэралыгъэм щыуагъэ пыухыкІаехэри зэрыхэлъыр, езым а кьэралым и штату щы лэжьыгъэ Іуэхукіэ кьыщыдэхикІухьам а ныкъусаныгъэхэр и нэгу зэрыщІэкІар.

Экономикэ политикэмкІэ, мылькъмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор жиІащ законхэр кьыдэзгъэныжьмкІэ депутатхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІыр. Абы и щхьэхтэу кьэпсалъэм кьигъэльэгъуащ КъБР-м и Парламентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кьыщыхилъхьэ жэрдэмхэм я нэхъыбапІэм япкъ иткІэ федеральнэ законхэр кьызэращтэр.

Ди щІалэхэм, хьыджэбзхэм ящыщ куэд кьалэшхуэхэм щІэІэпхьуэм и щхьэусыгъуэхэм щытепсэлъыхьым, депутатхэм кьыхагъэщхьэхуІащ КъБР-м лэжьакІуэхэр кьекуэдэжьы зэман Іэдэж ньандэрэ зэрыщытыр. Апхуэдэу кьагъэльэгъуащ щалэгъуалэр хьэрычэт Іэнатіэм дегъэхьэхьыныжьмкІэ программэхэр зэрызэхалъхьэр, апхуэдэу улахущхуэ зыпэкІуэ Іэщіагъэхэм ирилажьэхэр республикэм кьызэремэщІэкІыр. ЕджакІуэхэр кьыхураджащ иджыпелі информацІэ Іэмалхэр нэхь жьыдкэру кьагъэсэбэлъну, грантхэр зыхухах программмэхэм хэтыну, Іэщіагъэ яхуэхьунур кьыщыхахкІэ абы иІэ пщІэм и закьуэ трамыщІыхьыну.

Хабзэ зэрыхьуам тети, псалъэмакъым иужькІэ хьэщІэхэр Парламентым и унэм ирагъэпльащ, зэщІыгъуу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ОТАРОВЭ ФатІимэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Жэуаплыныгъэр зыхащІэу

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

УФ-м и Президентым и Указ №598-м кьигъэувкэр зэрагъэзащІэм и гугъу щищым, узышнагъэр хьуэмэныжьмкІэ министр Щэт Ирмэ кьигъэльэгъуащ сабийхэмрэ анэхэмрэ яГьуэт медицинэ Іуэхутхьабзэхэм нэхъ егупгъу зэрыхьуэр. ИрагъэкІуэжьІ лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ, кьалъхуагъащІэхэм ящыщу дунейм екьужьм я бжыгъэм нэгъабэ кІэрыхуащ. Абы и лЪэныкьуэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІынальэм щынэхьыфІщ. Апхуэдэу Іэпкьлъэпкьым лЪыр тэмэму зэрыщыІэмэныкІуэм кьыхэкІ узыфэхэм, жьэн узым хэхаУ я Іогугъу. ЩэщІэтынагъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, балигъэр нэхьыбэу зыгъэщхьэжагъэр гулъынтхуэ, лышх, тхьэмбыл, фошыгъу узыфэхэрэр. Сабийхэм нэхь яхуэльэр кІэтІий, псантхуэ, льатэ, кьупщхь узхэрщ. Министрыр тепсэлъыхьащ республикэм узышнагъэр хьуэмэныжьмкІэ и Іуэхущіапіэхэр Іэщіагъэлъхэмкіэ кьызэгъэпэщыным теухуауэ я нэгъабэ зэфІагъэкІахэм.

- Дызыхуеят хуящхьэхэкІэр кьэтщхьэхун папщІэ, бюджет зэхуакуэ трансфертхэм пыщІа зэгурыІуэныгъэхэр зэтщІыліащ. Мыльку-техникэ лъабжьэр егъэфІэкІуэным мы гъэм сом мелуан 67-рэ кьышщыщІэзэсбэпэну ди мурадщ. АбыкІэ флюорограф, томограф, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр кьэтщэхунущ. УФ-м и Президентым и Указ №598-м зэрыщыубзыхуам хуэдэу, мы зэман ГьунэгъуМ кьытпэщыт кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщ лЪкъугъэм иІыкІхэмрэ кьалЪхуагъащІэу дунейм екьэж сабийхэмрэ я бжыгъэм кІэрыгъэхуныр, гЪуэгу насыпныншагъэхэм фэбжь хэзыхэхэм и чэзум ядэІепыкьуныр. Апхуэдэу льынтхэр, лышх узыфэхэр, уз гъэтІылЪхэр профилактикэ зэращІ Іэмалхэр едгъэфІэкІуэн хуейщ, - кьыхигъэщащ Щэт Ирмэ икІи яп игъэщыпхъэу кьилытыгъ кьалэнхэр игъэнэІуащ.

Емуэ Нинэ зэІуІщэм щызэпкърихащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгьэмрэ я Іуэхукіэ къэрал политикэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ нэгъабэ зэфІагъэкІахэр. Кьапэщыт кьалэнхэм я гугъу щищым, ар кьитеувыащ 2018 гъэ пщІондэ сабий гъэсапІэхэм чэзур щыгъэтхьэгъэкІыным хуэунэтІауэ я мурадхэм. КьыдэзригъэльэгъуамкІэ, зи школ кІуэгъуэ мыхьуахэм папщІэ гуп хэхаэр кьызэрагъэпэщыщ. Апхуэдэу сабийхэм гъэсапІэхэм «электрон чэзу» мыхьуаІэр щаубзыхуащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп кьуэдзэ Альтуд Юрий кьыхигъэщащ 2012 гъэм и накьасІэ мазэм УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа указэр гъэзэщІэным нэгъабэ кредит мыльку хьарзынэ зэрыхухахар, дяпэкІэ а Іуэхур республикэм и хэхьуэхэмрэ федеральнэ бюджетымрэ я хьэнкІэ кьызэрагъэпэщын зэрыхуейр.

Емуэ Нинэ зэхэсахэм ирилащ Къэбэрдей-Балькъэрым и егъэджакІуэ нэхъыфІу 8-м дэтхэнэмэ мы гъэм сом мин 200-кІэ, 15-р - сом мини 100-кІэ, 10-р - сом мин 50-кІэ зэрагъэпэжкэнур.

Зэхьыхьэм щедэІуащ илъэс кІуам КъБР-м и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхьуам теухуауэ финансхэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Мишковэ Ириндж жиІахэм. Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, нэгъабэ сом мелард 23-рэ мелуан 299,8-рэ зэщІагъэІуащ. Ар зытращІыхьауэ щытам и проценти 107-рэ мэхъу. ХэщІэжмкІэ кьапэщытар сом мелард 24,45-рэ хьуэ я нгъэзэщІащ.

ЗэІуІщэм кьыщащтащ мэлыжьыхьым и 6-м щэбэт щыхьэху зэрырыгъкІуэжьыным теухуа унафэ. Абы кьыхэкІыну ахьшэмкІэ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ядэІепыкьунущ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Храмов Константин ириГьжкІуэжьа зэІуІщэм хэтащ абы и кьуэдзэхэу Уянаев Казым, Марьяш Ириндж, Фырэ Руслан, кьалэ, район администрацэхэм, къэрал комитетхэм я Іэтащхьэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Пресс-конференцхэр

Сабийхэм я узыншагъэм ущІытегуэзэвыхьын щыІэжкъым

Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэм и курыт школым кьыщыхьуа Іуэхугъуэм, еджакІуэхэр сымаджэ щІэхьуам и щхьэусыгъуэм, иджыпсту абыхэм я Іуэху зыІутым теухуауэ пресс-конференц щекІуэкІащ УФ-м Щыхуэхэм я хуитынымгъэмрэ зэпэщынымгъэмкІэ и кІэльыпІьныныжьмкІэ и федеральнэ Іуэхущіапіэм и кьудамэу КъБР-м щыІэм и щІэупщІам. Абы хэтащ КъБР-м и санитар дохутыр нэхьыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Бэракъ Ринат, республикэм Узыншагъэр хьуэмэныжьмкІэ и министерствэм и штатым хэмыт токсиколог нэхьыщхьэ Щауэ Маринэ, Психоневрологие диспансерым и медицинэ психолог Каргиновэ Галинэ сымэ.

- МАЗАЕМ и 21 - 23 махуэхэм Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым ныбжьыщІэ 76-рэ кьашащ, абыхэм ящыщу 11-р занщІэу ренаниманэ кьудамэм щІагъэгъуэлъхащ, - жиІащ Щауэ Маринэ. - А махуэ дыдэм реанимацэм кьыщІагъэкІыжащ абыхэм ящыщу 10-р. Сымаджэщым кьаша ныбжьыщІэхэм я щытыкІэр кьапщытащ педиатрым, токсикологым, реаниматологым, хирургым, неврологым, ортопедым, ортопедым, психологым. Лабораторэ кьэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІащ «Ивинтро» клиникэм и лэжьакІуэхэри я гъусэу. Абы кьрикІуахэм япкъ иткІэ, сабийхэм я узыншагъэмкІэ шынагъуэ щымыІэу кьалытащ. Ещанэ махуэм еджакІуэхэр сымаджэщым щІатхыкІыжьын щІадзащ, адэкІэ я щытыкІэм кьуажэ амбулаторэм щыкІэльагъэпльну чэнджащ ираторэ. Щэрэдж Ищхьэрэ кьуажэм педиатр зэрамыІэм кьыхэкІыу, адэ-анэхэм я гур нэхь зэгъэуэ щытын папщІэ сабий 27-м Аруан район сымаджэщым я узыншагъэм щыкІэльагъэпльащ. Мы зэманым сабийхэм я узыншагъэм УФ-м и Щыхуэхэм я кьыщыгъэуэ щІыхьэ зэрыщІагъэкІыжащ. Апхуэдэу щытми, школым и пэшхэм щІэт хьэуар кьапщытэу ирагъэкІуэкІа лабораторэ кьэхутэныгъэхэм нэІуэ кьащІащ формальдегидым и гъуэзыр школ пэшхэм егъэлеяуэ зэрыщІэтыр. КьыІэзэрыщІэкІымкІэ, а кьэхъукьащІэм ипэ махуэм, мазаем и 20-м, еджапІэм классхэмэ шхапІэмрэ щІагъэувэн сТолхэр кьыхуащэжащ. А хьэпшыпхэм, я флагым, шынагъэншагъэм щыхьэт текъуэ тхьылъхэр яГьуэсакъым. Лабораторэ кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, хьэуам хэт формальдегидым и гъуэзэр кьапкъроркІ шхапІэм щІэт стІолхэм. А хьэпшыпхэр еджапІэм кьыщІедгъэщыжащ, кьуанщэхэм жэуап яхьанкІ, Аруан районым егъэджэныгъэмкІэ и кьудамэм унафэ ткІий яІэрыхьащ школхэм кьащхьэу продукцэхэм я флагыр зыхуэдэр тэмэму зэхагъэкІыну. ЗэхуащІауэ щыта школым лэжьэн щІидзэжьи ящІ, абы и пэшхэм щІэт хьэуар кьапщытащ, ар санитариемрэ эпидемиологиемрэ кьагъэув жыпхьэхэм хуонКІэ.

ЩІэн хэлъкьым, апхуэдэ кьэхъухьащІэм сабийхэри абыхэм я адэ-анэхэри зэригъэгужьеям. Апхуэдэ щытыкІэм кьихутэр зыхуэныкьуэ психологие дэІепыкьуныгъэхэм я гугъу щищым, Каргиновэ Галинэ псом япэу кьыхигъэщащ ахэр я благъэ-Іыхьлъхэм я гулыитэ зэрыхуейр, адэ-анэхэм чэнджащ ярет я сабийхэм я узыншагъэр зэрызэтеувэжу нэхьапэкІэ яІа щыІэкІэ-псэукІэм хащэжьыну.

- Сабийхэр нэхьыбэрэ жеину Іэмал етын хуейщ, - жиІащ психологым, - апхуэдэу нэху егъэлеям, макъыш-хуэм щыхъумапхъэщ. КьищынэмыщІауэ, сабийм а кьэхъукьащІэм теухуа и Іуэху еплыкІэр жегъэІэн хуейщ, ар и закьуэу кьэбгъанэ хьунукъым, школым мыкІуэн Іуэху кьыкигъэщмэ, ар хуэбгъэдэхэнкІэ Іэмал иІэкьым. Сабийм лей кьытехьащ жыпІэу гущІэгъу хущІ нэхьрэ нэхьыфІщ, а щытыкІэм лІыгъэ хэлъу кьызэрикІыфар зыхебгъащІэмэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Къэрал Іуэхущіапіэхэм

Президент программэм тету

Урысей Федерацэм и цыхубэ зохыгъэхэм и Іэнатіэхэм папщІэ унафэщІ кадрхэр гъэхьэзырыным теухуа Къэрал планым зэрыщыубзыхуам тету, 2014-2015 гъэ еджегъуэм зи Іэщіагъэм хэзыгъэхьэуну Іэщіагъэлъхэр кьыщыхахыну зэпэуэр Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэ комиссэм кьыхелъхьэ.

ПРОГРАММЭМ хагъэхьнуэхэр менеджмент, маркетинг, финанс Іуэхуэхэм кІууэ хагъэгъуэзэнущ (сыхьэт 550-кІэ), хьэрычэтыщІэ Іэнатіэм и зегъэужьыкІэм (сыхьэти 120-кІэ), инноваци Іуэхуэхэр зэрауэнэтым (сыхьэти 120-кІэ) щІэрыщІэу хурагъэджэнущ.

Іэщіагъэлъхэр гъэхьэзырыным хуэзэм и процент 33-р федеральнэ, апхуэдизыр республикэ бюджетхэм кьыхокІ, процент 34-р предприятэм е езым хельхьэ. Еджэныр кьауха нэужь, Урысейм рэзэныгъэ щІэупщІащ кьэралхэмрэ я Іуэхущіапіэхэм я Іэзагъэм щыхагъэхуэну Іэмал яІэщ. Программэм и мурад нэхьыщхьэр кьэралым инноваци экономикэ щызэтегъуэвэнырщ, Іэнатіэщіэхэр кьызэІухьнырщ, цыхуэм и зэфІэкІкІэ зрагъэуэзщІкІэрэ, организацэхэр езыгъэфІэкІуэну, абыхэм зезыгъэужьыну проектхэр гъэзэщІэнырщ.

Мы Іуэхуэр кьызэрыхьхьэ льандэрэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ Іэщіагъэлъ 270-м, Къэрал программэм тету, я щІэныгьэмрэ Іэзагъэмрэ хагъэхьуащ. Программэр кьэзыухахэм ящыщу 55-м Германием, Италием, Франджым, Испаниием, Данием, Нидерландхэм, США-м, Грецием, Польшэм, Финляндиеми, Норвегиеми, Японием я предприятэхэм лэжьэнІэм зыщыкьуагъэсащ.

Кьыщыхах зэпэуэр унафэщІ кадрхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэ комиссэм и нэІэ тету ирагъэкІуэкІ.

ФызыщІэупщІэнуэхэм теухуа хьыбархэр КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и **http://economykbr.ru/** сайтым кьыщыбгъэутынущ.

Кьыщыхах зэпэуэм хэтыну хуейхэр (8662) 47-30-97 телефонымкІэ фыпсалъэ е **pprogkdr-@mail.ru** электрон пощтыр кьэзгъэсэбэн хуэнущ.

КЪЭРРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Барселонэ гъэльэгъуэныгъэр кьыщызэІуахым.

● Гъуэздж

ЩІыналъищым щокІуэкІ

Кіыщ Мухьэдин и Іэдакьэщіэкі лэжьыгъэхэр зыхэт гъэльэгъуэныгъэхэр зэуэ щІыналъищым щокІуэкІ: Мейкьуапэ, Москва, Барселонэ.

КЪУЭКІЫПІЭМ щыпсэу льэпкъхэм я гъуэзджэмкІэ кьэрал музейм и кьуажэу Адыгэ Республикэм и кьалакьхьэм дэтым кьыщызэІуахащ Художествэхэмкіэ Урысей академием хэт сурэтыщІхэм я гъэльэгъэныгъэ. Абы хэтщ Кіыщ Мухьэдин и Іэжьыгъэщіэу тху.

Гьатхэпэм и І-м Москва щэублащ «IMP-ART-2014» выставкэр. Урысейм и Сурэтыщіхэм я зэгуэныгъэм а зэхьхьэр Строганов С. Г. и цІэр зезыхьэ Художественно-промышленнэ кьэрал академием (Москва) и пэщым кьыщызэІуихащ, щымыІэ хьэпшыпхэмрэ нэкьыфІэщІ Іуэхуэгъуэхэмрэ иджырей гъуэзджэмкІэ кьызэрыфІагъэльэгъуэфынур наІуэ кьащІу. Абы хуэкІуэ сурэти 8 гъэльэгъуэныгъэм хигъэхьащ Мухьэдин.

Барселонэ и «ArtNouMilenni» галереем кьыщызэІуахащ дунейпсо сурэтыщІхэм я гъэльэгъуэныгъэ, Кіыщ Мухьэдин и лэжьыгъэхэмрэ Армением, Голландием, Японием щыщ сурэтыщІхэм я Іэдакьэщіэкіэхэмрэ хэту.

ИСТЭПАН Залинэ.

● ЗэІущІэ гуапэ

Я гукъыдэжьыр къаІэт

Зи Іэпкьлъэпкьым сэкъат иІэм, зи узыншагъэкІэ гуныкьуэгъуэ зыбгъэдэлъым и гуныдэжьри щІагъэкъым. Махуэ къэс зыхуэзэ Іуэхуэхэр кьыззэрыгъэкІ щыхуэхэм хуэдэу яхуэзэфІэхьыркъым, я гуныджри нэхь тІасхьэщ.

ЗИ НЭМ ямыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балькъэр зэгуэныгъэм иджыблагъэ зэІущІэ гуапэ иригъэкІуэкІащ, я Іуэхущіапіэм кьеджауалэхэм дэрэжьэгъуэ ираташэр я гурашэу. Гьатхэ махуэхэм нэхь гуапэ гъэм и зэманкэм хэбгъуэтэн апхуэдэ Іуэху кьызэбгъэпэщыну?!

Щыхуэзэхэм я дунейпсо махуэмрэ, тІэкІу блэкІами, Хэкум и хьэмафэм и махуэмрэ тегъэщІапІэ ящІри, щыхухъуэхри бзыпхъугъэхэри щызэдагъэльэпІащ пщыхьым. Ар иригъэкІуэкІащ зэгуэныгъэм и лэжьакІуэ Абубакаровэ Татьянэрэ Іуэхущіапіэм кьекІуалІэхэм ящыщ Атэфий Хьусенрэ.

Зэгуэныгъэм хэтхэм жаІэ зэрыздэр гуп дыкьэрт, адрейхэр гушхуауэ абыхэм кьыдэфэрт. Псалъэм папщІэ, Заидов Мурат, ди эстрадэм и артист Сонэ Мурат, нэгъущІхэми ди кьалэм, анэм, бзыльхугъэм ятеухуа уэрэдхэр жаІащ. Усэ кьеджэжкІи зэпеуащ, зэхьэзэхуэу зэхуэмыдэхэри кьызэрагъэпэщащ.

«Нэмыс» ООО-м и унафэщым и кьуэдзэ Къущхьэ Аскэрбий зэгуэныгъэм и лэжьакІуэхэмэ абыхэм кьызэрагъэпэща пшыхьым зьэтрезыгъэхьэлІахэмэ ехьэуэхьащ, гуныкьуэгъуэр я мащІэну, гуфІэгъуэмрэ зыгъэгушхуэ Іуэхуэхэмрэ я кьудыну зэрригуапэри жяриащ.

СыхьэтитІым нэблагъэкІэ екІуэкІа пшыхьр хьэуа кьабзэм, псынэпс Іубагъуэм хуэдэт дуней дахэр хуиту зымыльагъу цІыхухэмкІэ. Загъэпсэхуауэ, дэрэжьегъуэ яГьэтауэ зэбгрыкІыжащ ахэр.

БЛИЙ Даянэ.



● Гимнастикэ

Я зэфІэкІхэр ягъэлъагъуэ

Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм Коротковэ Наталье художественнэ гимнастикэм щыхуигъасэ сабийхэмрэ ныжьыщІэхэмрэ я зэфІэкІхэр ягъэльагъуэ.

НАТАЛЬЕ гъэсэни 120-рэ ІэІэш, ильэсиплІым щыщІэдзауэ ильэс пшыкІуитІ я ныжьыкъ. Абыхэм я Іэпкьлъэпкьыр зэрыльантІэм, я бгыр зэрыпсгъуэм емыхьуэтсэм щащІэ кьэбгъуэтынкьым. Цыкіуіхэм я закьуэри гупуи художественнэ гимнастикэм щаІэ зэфІэкІхэр ягъэльэгъуащ, ленті зэмыфэгъуэхэр, уэрдыхьуэхэр, топхэр, кІапсэхэр яІыгъыу. Дэтхэнэми и утыку итыкІэм удихьэхырт, я Іэпкьлъэпкьыр зэрыжьІащІэр бгъэщІагъуэу.

Іуэхущіапіэр зэрыгушхуэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм екъуЛэныгъэхэр кьыщызыхьа хьыдджэбз кьэхьыкьхэм ящыщу утыку кьихьаэхэм я щІэ кьиІуапІэщ. Апхуэдэхэщ Битокъу Алинэ, Пельц Алинэ, Мокъуэ Дисанэ, Бабаевэ Алинэ, Нэгъуэ Эльмирэ, Короткова Елизаветэ, Бабаевэ Валерие сымэ.

Зэхьыкъэм хэтащ Іуэхущіапіэм и унафэщым егъэджэныгъэгъэсэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ и кьуэдзэ Чэлимэт Натальерэ спорт, узышнагъэр егъэфІэкІуэн ІуэхуэхэмкІэ кьудамэм и унафэщІ Къэгъэзэж Заремэрэ.

ЗэІущІэм зыкьрагъэхьэлІащ художественнэ гимнастикэм дихьэххэм, зыкьэзыгъэльагъуэхэм я Іыхьлыхэмэ благъэхэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Хуэфащэ унафэ къыхуагъуэт

**УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм щыІэзехьлъхьэж щыхуэхэм я пенсэ гъэтІылъыгъэхэр зэрагъэпэщ ирящІэну Іуэхуэм ятеухуа «Внешэкономбанк» къэрал унафэщІ компаниемрэ зэрыщІахьумэр. ЗэхьыгъэуІу Іыхьэмкіэ зэхуахьэса пенсэ ахьщІэр зэрызэкІэльагъэкІуэну щыкІэм теухуауэ республикэм и щІыхуэхэм ята тхьилъ (заявленэ) 554-м хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтащ. Абыхэм ящыщу 45-м я пенсэ гъэтІылъыгъэхэр Урысейм и Пенсэ фондым кьыхагъэкІри, мыкъэрал пенсэ фондым хальхьащ, 215-м управляющэ компаниеизр яхьуэжащ, 292-м я кьжьІуэну пенсэм и зэхьыгъуІу Іыхьэр мыкъэрал пенсэ фондым кьыдэзыкІри, УФ-м и Пенсэ фондым ираташ, щыхуитІым я тхьилъхэр мыкъэрал пенсэ фондым кьыхахыкри, нэгъуэщІ апхуэдэ Іуэхущіапіэм зыщІагъэтхащ.

Фигу кьыдогъэкІыж: фІэкІыпІэ зимыІэ пенсэ страхованэм пенсэ Іуэхур зэрыщыізэкІэльагъакІуэ щыкІэр 2014 гъэм щегъэжьауэ хабзэщІэхэм уэхэІуащ. Абыхэм япкъ иткІэ, мыкъэрал пенсэ фондыр кьыхахащ папщІэ, тхылъыр (заявленэр) зратын хуейр Урысейм и Пенсэ фондырщ. Мыбдежьым, нэхьапэм хуэдэу, кьыхаха НПФ-м нэхь пасэу зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэ иращІылІапхъэщ.

ФызыщІэупщІэнуэхэм я жэуапхэр Урысейм и Пенсэ фондым и сайтым нэхь зэпкрыхауэ кьыщыбгъэутынущ.

УФ-м и Пенсэ фондым и щІыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущіапіэ.



МафІэсым зыщыхъумэным хуагъасэ

КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэм Бабугент кьуажэм дэт кадет школ-интернатыр мафІэс кьэхьу хьужыкьуэмэ, абы зэрыхуэхьэзырыр кьапщытащ.

МАФІЭС кьэмыгъэхъуным гульытэ хуэщІын зэрыхуейм тригъащІэу, КъБР-м и ГПС-м абы и лЪэныкьуэкІэ Іуэхугъуэхэр кьуажэхэм щрегъэкІуэкІ. Кьапщтэмэ, илъэсым кьэриубыдэу апхуэдэу 44-рэ щыІащ. Зэтеухуауэ а лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхьыщхьэу КъБР-м щыІэм, республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгьэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, муниципальнэ зэгуэныгъэхэм я администрацэхэм ящыщуІу.

2014 гъэр кьызэрихьэрэ апхуэдэу Іуэхугъуэ 5 ирагъэкІуэкІащ. Щхьэхуэу дыкьытеувыІэнщ Щэрэдж щІыналъэм, республикэм щыІэ кадет школитІым я зыр зыщІэт Бабугент кьуажэм. Кадет ныбжьыщІэхэр мафІэсым зыщыхъумэныжьмкІэ зэфІэхьыпхъэхэм щыгъуазэ ящІащ, викторинэхэр, суэрт, сочиненэ тхьиныжьмкІэ, спорт зэпеуэхэр драгъэкІуэкІащ. КьыщынэмыщІауэ, мафІэс кьэхьу хьужыкьуэмэ, а щІыпІэм кьызэрикІыпхъэм хуагъэсащ. Кадет школым и унафэщІ Эристаев Абдурэхьман гъащІэм кьащыхуэщхьэпэжьынкІэ хьуну щІэныгъэхэр ятыным хуэунатІа Іуэхур я гъэсэнхэм ядегъэкІуэкІын жэрдэмыр диІыгъащ. Сэбэн зыпылъ Іуэхугъуэр сыт и лЪэныкьуэкІи зэпэщу екІуэкІащ. Бабугент кьуажэ администрацэм и тхьэмадэ Османов Мухьтар зэхьэзэхуэхэм щытекІуэхэм ираташу саугьэтхэм текІуэдэну мылькужмкІэ закьащІигъэкьуащ. Урысей МЧС-м и Управленэ нэхьащхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм кадет школым мафІэсгъэункІыфІ Іэмэпсымащ ираташ.

Иужьым кадетхэм мафІэсгъэункІыфІ техникэм, мафІэсым пэщІэтхэр зэрызэщІэуэздам щыгъуазэ защІащ, лыгъэр щагъэункІыфІкІэ кьагъэсэбэп тхъурымбзр зыхуэдэр я нэкІэ зрагъэлъэгъуащ.

КЪУЩХЬЭ Вячеслав,
КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іуэхущіапіэм мафІэс-профилактикэ лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ.

● Прохладнэ щІыналъэ

КИФЩІ-м щыетхуанэщ

Иджыблагъэ Прохладнэ кьалэм кьащыщІэуахащ электроникэ хьэпшыпхэр щащэну «Позитроника» тыкуэныр. Ар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыетхуанэ апхуэдэ сату Іуэхущіапіэщ. КьыззэригъэкІ сату щІыпІэщ икІи Интернет-тыкуэнщ: асыхьэтым щІэмылъ хьэпшыпхэр каталогкІэ кьыхахьу я терминалымкІэ заказ ят хьунущ.

«ПОЗИТРОНИКА» тыкуэным компьютер техникэ лІэужьыгъэу псори щагъэутэнущ. Абы щащэнущ Acer, ASUS, Sony, Samsung, HP, EPSON, LG, Apple, нэгъуэщІ компание лъэрызехьэхэм я Іэдакьэщіэкіхэр. Дэлэл хэмыту абыхэм пыщІэныгъэ зэрыхуэІар продукцэм и уасэми, и фІагьми я щэсыпІэщ.

Тыкуэным и сатуущІэ-чэнджэщэгъуэхэр зыхуэфащэ пщалъэм кьитІасэу яГьэхьэзыращ. Зыхуэм хьэпшыпхэр пэжу кьыхахьыныжьмкІэ ахэр щэхуакІуэхэм дапщэщи ядэІепыкьунущ. Хьэпшыпхэр щыхуэу я кьащтэ хьунущ, апхуэдэу ахэр зэрагъэув, зэрызэтрауху, кьызэрагъэсэбэп щыкІэм езы тыкуэным щыхагъэгъуэзэнущ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ кьыщыізэІуаха яп махуэхэм абы щыхущхуэ зэрекІуэлІар.

- АбыкІэ сэбэп хьуащ «Псори - фІыуэ тлъагъуэхэм папщІэ» зыфІэтща акцэр. Уасэ езэгьырабгъуКІэ компьютер техникэ кьащхьэуащ, - кьигъэльэгъуащ «Позитроника» сату Іуэхущіапіэм и лЫкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Дробышев Александр.

Махуэ тІым кьриубыдэу тыкуэным ищащ и зэхуэдитІым нэблагъэр федеральнэ маркетинг компаниемэ хьыхьэу ирагъэкІуэкІ акцэм хуоэ.

«Позитроника» тыкуэным и хэщІапІэр: Прохладнэ кьалэ, Хуитынигъэм и уэрам, 19/1

АРУАН Алий.

Лъэпкъым и пашэхэр

Адыгэ дзэзешэ лIыхъужьхэр: Шырыхъукъуэ Дыгъужь, Хьэджыкъуэ Мухьэмэд, Уардэзаукъуэ Дзэпщ. *Сурэтыр* **Белл Джеймс** *ящIащ. 1840 гъэ*

ЛОРД ПОНСОНБИ кавказ зэрыхуитхам ипкъ иткIэ, урыс генералым дежьIыкIуэ щэнейр зегъэкIуа ныжь, зыри къыщимыкIым, щэрджэсхэм зауэм зыхуагъэзекъэзыращ.

Хасэр зэхъыхьэри, унафэ къащтащ. ЦIыхур зэхуэсауэ, хасэм и унафэм тепльэрт. ЦIыхуэ Iувым я пащхьэ зы шу кьнывэри, хасэм и унафэм щыгъуазэ ищIащ.

«Хасэм и унафэращ, - жиIащ шум, - ди хэкур джарурхэм еттынукъым, ди псэр пытыху тхъумэнущ. Мы Iуэхум зи псэр щIэзыт дэтхэнэми жэнэтыбжэр хуэзIухащ. Ди динымрэ ди хэкумрэ епIыжьым къыхэпльэр жьыхьэмэ мафIэщ, и уни и лъапси дгъэсынурэ езыри и унагъэри тщэнущ. Дыгужьей хъунукъым дэ, тырку сультIанми дибгынакъым, инджылыз пащтыхьми зыгъэIуезадэ, къыдэзIэпыкъунущи. ГыцIэ топрэ щIэх къытIэрымыкъэми, фыщIэгужьеин щыIэкъым - гъэугур кIыхьщ, апхуэдэ Iуэхур тхъумэнущ. Мы Iуэхум зи псэр щIэзыт дэтхэнэми жэнэтыбжэр хуэзIухащ. Ди динымрэ ди хэкумрэ епIыжьым къыпльэр жьыхьэмэ мафIэщ, и уни и лъапси

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхъэзырар щХЬэщэмыщI Изэщ

● Псалъэжьхэр

Анэм лъэгущIэтын зыхуэщI

◆Бжэгъу закъуэ хэсн, фызыфIым унгъэунэщ.
◆Щыхубз зыгъэкIэр шыдыкIэ и уасэкъым.
◆Щауэр зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зэрыгуащэр и щэнщ.
◆Анэм и хабзэр пхъум и бзыпхъэщ.
◆Дахэ псор дахжьым, псэр зэхъуапсэр дахэщ.
◆Анэм лъэгущIэтын зыхуэщI.
◆ФызыфI и Iэнэ хьэзырщ.

● Сабийхэм я бзэкIэ

Куэбжэмрэ уафэмрэ зэщхьщ

Динэ щыкIу и адэщхуэм и гъусэу куэбжэпэм Iут тетIысхьэпIм тест.

- Дадэ, дадэ, еплыт! - и Iэпэр еший уафэмкIэ.

Дадэ дэпльеящ уафэм, аращхьэкIэ зыри кьыхуэльэгъуакъым.

- Сыт сызэпльынур, си хъыджэбз щыкIу? Зыри сльагъуркъым.

- Ар дауэ? Ди куэбжэмрэ уафэмрэ зэщхьу зэрылар щхьэ умыльагъурэ?!

ЦIыкIу ухъужмэ...

Динэ щыкIу нэщхьей хъуауэ, и дэ Iухуэр адэщхуэм ирегъэльагъу:

- Дадэ, си дзэр Iухуащ.

- Ар ягъэ кIынукъым, си хъыджэбз щыкIу, дэкIуэ кьэфIыжынущ, - жеIэ адэщхуэм.

- Уэри кьыпIукIэжынущ, дадэ?

- Хьэуэ, КIуэ, сэ лIыжь сыхъуащ.

- КьыпIукIэжынущ, дадэ, уэри щыкIу ухъужмэ.

ШЫГЪУШЭ Алий.

Абы лъандэрэ селъэIужыркъым...

Хьыбар

Си шынэхъыжь Мухьэрбий, дэнэ мыкIуэми, зэи сыздишэртэкъым. «Уэ иджыри уцIыкIущ, кIуэжи пщIантIэм дэс», - жиIэрти сыкърихуэжьэжырт. «НтIэ, сэ апхуэдэу сыцIыкIу, - жысIэрт сигукIэ. - Илъэс пщыкIутI сыхъурхъэ! И гугъэм, уэлэхьи, езыр лIы хьэзыру! ИлъэсипI къудейкъэ сэ нэхъ зэрынэхъыжьыр? НтIэ ар куэд?»

Зы махуэ гуэрым, «псым сокIуэ» жеIэри, докI. Сэ мурад сощI ар здэкIуэр зэрагъэщIэну. Щэхуу сыкIэлъыкIуэурэ, сопльакIуэ. Сыт пцIы щIиупсар? Уэлэхьи, Хьэрунхэ я хадапхэм зэрынэсу, кIарц щIагъым щIэтIысхьауэ, адэкIи-мыдэкIи лъэмбытI имычауэ, щысым.

Сэ зызудыгъуауэ псыхъуэм сыдэсщ, мыбы ищIэр зээмыгъэльагъумэ, жысIэу. Еуэ сыщысщ, еуэ сыщысщ. Си шхэр къэсIэтурэ сопльэ. Сольагъу зигъэлIу Мухьэрбий тутын зэрефэр. Iугъуэр дрегъэхуейри, Хьэрунхэ я шыгъуэгу хадэм хэль куэбжэ цIыкIумкIэ мапльэ, и нэр тедияуэ.

Сыт а куэбжэ цIыкIум абы къыкIэригъуэтар? Сэ абыкIэ Iэджэрэ псыхъэм сокIуэри, Iусхыху сыкъеГъагубжь: сыт хуэдэу ину кIыргъуэ ар! НтIэ, лIо абыкIэ щIэпльэр Мухьэрбий?

Зыкъомрэ сыщысауэ, куэбжэ цIыкIум и кIыргъ макъ къоIу. Си щхьэр къыхоIэтри, абыкIэ сопльэ. Хэт абы къыдэкIар? Уэлэхьи, месым, ХьэIишэтым. Нышэдибэ щыгъа и плIэ хужьри щыIэ.

Мухьэрбий тутынир Уэлэхьи, сымыщIэ. Моуэ зы щэху гуэр дэсщIэ хъуа хуэдэу къысфIощI. Сыт щэху? Мес, зыри къэхъуакъым, Мухьэрбийрэ абырэ зэбгъурыту макIуэ.

Асыхьэтым Мухьэрбий зыкърегъэзэкIри, псынщIэу си дежкIэ къеунэтI. Сэ апхуэдизкIэ сыгуэкIащи, зыгIэкIурэ си пIэм сижыхьауэ сыщытщ. ИтIанэ зызочри - хухуху-ащий! - сыщIопхъуэж. АрщхьэкIэ куэд уигъэкIунт си къуэш лъакъуэ кIыхьым! Си пщафэр еубыд, зы дыдж гуэр ишха хуэдэ, и нэкIур зэхуешэри, и нитIыр къыстрибудауэ, къызопльэ.

- АIо узыхуейр?! СутIыпщ, зо! - сокIий сэ, Мухьэрбий кьызэуэнкIэ сышынэу.

- Мы-хьэ-нэн-шэ! - абы фIэкIа къызжимыIэу, кьызоIунщI, сыкъыIуедэри егъэзэж.

Зы Iуэху мыхъумыщIэ гуэр зэрызлэжьар къызгуроIуэжри, сызэмыпльэкIыу, сокIуэж ди уэ...

Абы лъандэрэ Мухьэрбий зэи селъэIужыркъым, куэджIуэм сыздэшэ», жысIэу.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Хъуэхъу

Нартан къуажэм щыщ Хьэгъэбанэ Залинэ Анзор и пхъум къыщалъхуа махуэмкIэ дохъуэхъу! ГъащIэм лъэбакъуэу хичэр насыпкIэ псыхъуэу, махуэщIэу къэунэхум щыгуфыкIыу, мураду игъэувхэм фIэщхъуныгъэрэ гугъэрэ хитIыхэфу псэуну Алыхьым жиIэ!



Ун гур къабзэу, ун бзэр гуапэу, Лъэпкъыр, хабзэр бгъэнэхъапэу, УIущ щыкIуэр ущэныфIэу, Ун гупсысэр жыжьэ нэсу, Ун нэхъыжьхэр бгъэгуфIэфу, Ун мурадхэм уатIэIэсу, Куэдым щапхъэ къыптрахыу, ГъащIэ дахэ къэбгъэщIэну Дынохъуэхъу, ди хъыджэбз дахэ!

ФIыуэ укъэзыIутIыжыгъуэр.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КIэртIофэ гъэва

КIэртIофыр зэхадз, ятхъщI, яукъбзэри аргуэру ятхъщIыж. КIэструлым ит псы къэкъуальэм халъхьэ, шыгъу тIэкIу хадзэри и щхьэр тепIауэ мафIэ щабэм тету ягъавэ дакъикъэ 30 - 32-рэ хуэдизкIэ. Мэ дахэ иIэн икIи нэхъ Iэфl хъун щхьэкIэ вэным дакъикъищIэ-щыкIутI иIэжу абы бжьыныхэ хъэдзитI-щы халъхьэ.

Ва нэужь псыр щIагъэжри, кIэструлым и щхьэр тепIауэ пэщхьэкум трагъэувэжри зы дакъикъэ хуэдизкIэ трагъэтщ. ЩIэгъущхъэ нужь кIэртIофыр тепщэчым иралъхьэри зэрыпщтыру яшх. Шатэ Iуэ, кхъуей, нащэ гъэфIыIуэ дашх.

Ягъэвэну щытрагъэуэвэкIэ, кIэртIофым псы кущIаКIэркъым, щIигъанэ къудейуэ щытын хуейуэ аращ. Псы куэдым кIэртIофырегъэуцIын, и Iэфlыр щIех. КIэртIофыр зыхэвыхъа псыр ираф щIыIэ зыхьхьахэм.

Халъхьэхэр (цIыхуитI лъхьэ): кIэртIофэ укъэбзауэ - г 400, зэрагъэвэну псыуэ - г 450-рэ, шыгъуэ - г 6, бжьыныхуэ укъэбзауэ - г 4.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым кьитхьажащ.

● Ар хабзэт!

Адыгэм я зэдэлэжьэкIэу щытар

Пасэрей адыгэм зэщIыгъуэ, зыр зым дэIэпыкъуу зэдэлэжьэныр фIыуэ ялъагъуу щытащ.

Зы адыгэ щыIэтэкъым езым и закъуэ къарукIэ унэ е псэуалъэ гуэр игъэуву. Унэу щрет, гуэщу, шэщу, кьинэмыщI псэуалъэу ирехъуи, зыгуэр ищIэну щыхуу зыбжанэм хъыбар яригащIэрт:

- Пщэдей щIыхьэху сиIэщ, мыпхуэдэ псэуалъэ тIэкIу согъэври, къомыхьэлъэкIыу укъыс-хуэкIуатэрэ, си гуапэ хъунт, - жиIэрти.

- Алыхь-алыхь, ар пхуэзмыщIэмэ, сыт пхуэсщIэн! - жиIэрти кьигъэгугъэрт.

Пщэдджыжьым къыззэхуэсырт хъыбар зригъэщIа псори, хэт джыдэ, хэт пхъэх, хэти Iэдэ-уадэ яIыгъыу. Щхьэж зыхуэкъудеIи сувалIэрти, зэрахузэфIэкIкIэ, хьэрычэт хащIыхьу, жэщ хъуху елэжьхэрт. Дауэ ящIми, а махуэм хуауэхырт и псэуалъэ Гъэувыныр.

Апхуэдэ щIыхьэхум, зэрыхабзэти, хэт хъыбар ирагъащIэми мыкIуэну Iэмал иIэтэкъым.

Езыми махъсымэ иIэт, ныш нукIати игъатхэрт, фIыщIэ яхунщIырти, нутIыпщыжырт.

Адыгэ щIыхьэхур псэуалъэм и закъуэтэкъым щIыззэхуаныкIыр. ЩIыхьэхур псэныкъуэ зыбжанэкIэ ирагъэкIуэкIыу щытащ адыгэхэм: нысашэ иIэу щытмэ, хьэблэр кьыззэхуэсыри, пхъэгулъэ зырыз кьыхуащIэрт, курыбэ ирагъэжьэну, нысашэр зэфIэкIыху ягъэсэну. Благъэхэри ящыдэIепыкъурт.

И мэкъу, и мэш кьыхуемышэлIэжу фIэкIуэдамэ, гукIэ кьыззэхуэсырти кьыхурашэлIэжырт.

Мэкъуауэгъэу хъуамэ, зэрымыгъэззэщу гэжьэн щхьэкIэ унагъэитIу зэуэхэрти, мэкъу зэдэпыпащIырт.

ЗэгъунэгъуитI лажьэу зым япэ нухамэ, и гъунэгъур кьитканэу IукIыжьыртэкъым, кIуэртн, а къыкIэрыхуам дэIепыкъурт. Абы дэмыIепыкъуу IукIыжьныр цIыхугъэншагъэт, адыгагъэ хэмыльу кьаплъытэрт.

ЩIакIуэ ящIнуми, цей яхъуэнуми цIыхубз гуп кьыззэхуашэсырти, зэдэIепыкъуурэ ящIырт.

И мэшыр кьыхуемышхьэлIэжу фIэкIуэдыжмэ, и нартыхур кьыхудэмычыжу уэсым фIыщIиубыдэмэ, е гузавэрэ нэхъ щIэхьу зэфIэкIын щхьэкIэ нартыхур мытхъыу кьыдифыщыкIрэ кьишэжамэ, щыхьэху ищIырти иригъэтхъырт.

Цы япхынумэ, -цыпх щыхьэху- жаIэрти, пщыхьэщхьэм хъыджэбз куэду кьыззэхуашэсырти, нэху щыху цы япхт. Ар Iэ закъуэкIэ илъэскIи зэфIэкIынутэкъым.

Бжьыхь кьудей яхунэмэ, гъунэгъухэр кьъыдэIепыкъурт, емылъэIуми. Ар хабзэт.

ЩОДЖЭН Хьэзешэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Кьалэ узрамхэм щыкуэд къуалбзу. **7.** БырмамытI Гуащэкъарэ, Къуэдз ЕIубзэчыр, Сэхъу Хьэсэн, ХьэпащIэ Заудин сымэ я IэщIагъэр. **10.** Мэджыхым хэтщ ... джапIэ. **11.** Совет властым и кьыззгъэпщащкIуэ зыхьыщхьэ. **12.** ЩIакхъуапхъэ. **13.** Гукъыдэж, нэщхьфIагъэ. **14.** Блэхэм, шыдырхъуохэм я гъуэ. **18.** Европэм хиубыдэ кьэралипщIым я щIынальхэхэм щежэх псы. **20.** Зиусхьэн лъэпкъ. **21.** ТхылымпIэ зэрызэкIэрагъапщIэ. **25.** Кьуажэм зэреджэ нэгъуэщIыщIэ. **26.** Къуэш ... нэхьрэ - ныбжьэгъуфI. **27.** Фы дыдэу школым щеджэм ар хуагъэув хабзэщ. **28.** Пасэм адыгэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **30.** Кьыщокъуэ Алим и усэ нэхь цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ. **32.** Псэхэлъхьэж. **33.** Щыху зэтет, зэпIэзэрыт, тэмакъкIыхь. **37.** Кьуажэм зэрыдджэу машинэм нэхь ... зэщIащ. **38.** Нэхущым еIэ›... щыгур зэщIищIэри, щIалэр мэкъуэ дэкIащ. **41.** Нарт ЩIэуей и адэр. **43.** Зи нэхэм щIагъуэу ямылъагъу. **44.** Адыгэ композитор. **45.** Кьыщокъуэ Алим и адэр. **46.** Хадэм зэрилэжьыхь.

Кьехыу: **1.** Мэлыр ... хьуауэ щIантIэм дэтщ, хьурейуэ кьызэхекIухьри. **2.** Тхьыцынэ щIэпхумэ, кьанэ псыр. **3.** Егъэлеяуэ ерыщ. **4.** Адыгэ усакIуэ КIэщт .... Зыудэмыхьэ ... лы дэщ. **8.** ХьэкIэкъхьэкIэ ... куэд ущрохьэлIэ Африкэм. **9.** Унагъуэ зехьэныр нэхьыбэу си пщэрыль. **13.** Кьуажэ унагъуэм и гъавэ, ерыскьыпхъэ хьумапIэ. **15.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар куэдрэ умэ, и дамэр мэкъут. **16.** Псы Iуфэ чыцэхэм, мэкъупIэхэм щыпсэу кьуалбзу щIыкIу, и кьабзийр зэрыкIэщIым кьыхэкIыу щIагъуэу мылъэтэфу. **17.** Аруан районым щыщ кьуажэ. **19.** Совет Союзым и зэманым зекIуэу щита ахьшэ жьгъей. **21.** Адыгэм ижь-ижьыж льандэрэ ... дахэ куэд кьыддокIуэкI. **23.** Бжьхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **24.** Iэпсльэпс. **29.** Ди республикэм и гъунэгъу кьалэ, ди щIыналъэм ейуэ щытауэ. **31.** Гъатхэр кьызэрихьэу школ пщIантIэм дэт жыгхэм ... ираташ. **34.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистку. **35.** Хадзэкъ. **36.** ... кьыстехьауэ сокIжкауэ. **39.** Уэмурэ здекIуэкIым зэуэзэпсэу ... кьыкьуэущ. **40.** ЦIыху кьарууфIэ, Iэчлъэч. **42.** Мэрем махуэм мэжджытым щащI нэмэз. **44.** «Сосрыкъуэ ... кьызэрихьар» - нарт хьыбар.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:
ЕкIуэкIыу: **5.** Кьэрабэ. **6.** Анэмэт. **8.** Гъуэжь. **9.** Нэд. **10.** Iушхьэ. **11.** Кьурашэ. **13.** Кьатыр. **17.** Нэгъуд. **18.** Щыхьэр. **20.** Пхъэр. **23.** Щыщхьэмыгъазэ. **26.** Фэнд. **28.** Бэдэху. **30.** Бурш. **31.** Шэхудэ. **34.** Iужажэ. **35.** Деур. **37.** Дэм. **38.** Бжей. **40.** Щхьырыб. **41.** Щхьэнтэ.
Кьехыу: **1.** Арму. **2.** Жэгундэ. **3.** Кьардэн. **4.** Аныщ. **5.** Кьагъымэс. **7.** Тхъэрыкъуфэ. **12.** Шыд. **14.** Альп. **15.** Кьущ. **16.** Ер. **19.** Хьэмид. **21.** Пщы. **22.** Кьаз. **24.** Кьэрэндащ. **25.** Урожайнэ. **27.** Дыд. **28.** Бу. **29.** Хур. **30.** Быж. **32.** Кьэдабэ. **33.** Хьэмыщэ. **36.** Урыху. **39.** Жинт.

Зэщэурэ къыдамыхьэхыфам дзы фIащыж

● ЖыIэгъуэхэр

● ЗэгурыIуэу зэдэлажьэм щIыхьэху яIэ хуэдэщ.
● ЗэкIужьпхъэхэм пагагъэм зрагъэхьурэ зэфIокIуэдыпэ.
● Зигу урихь жьIэдаIуэщ.
● Унэсуху дунейр кIыфI кьыпщащIри, ахьрэт нэхукIэ кьыпхуоупсэж.
●Хамэхьэ кьыхьа закъуэ, жиIэри унэхьэм льапсэр ибгынащ.
●ЦIыхум кIэрымыль кIэралъхьэри, уубэнымэ, кьеблагъэ.
●ЦIыхур зэран щыхьур сэбэн щыхьуфынум и дежщ.
●ЩытхъупскIэ узыгъэпскIым тхьэщIэпсри и Iэдакъэжщ.
●Зым имыфI хьэдрыкъ кIуэркъым.
●IэхъуэдэмыкIуэм и зэранкIэ, хъушэ псор тощхьэрыкI.
●Зым кьулыкъу зэрехьэ, адрейр кьулыкъум зэрехьэ.
●Мыхьэнэшэр яIэтыху, щIыкIей зещI.
●ЩхьэкIэр щIыкIейм», лъабжьэм и лажьэщ.
●Гу зэщызымыхуахэм я щIалэгъуэщ.
●Зэщхъуэр кьыдамыхьэхыфам дзы фIащыж.
●Лъагъуныгъэ блэкIам укIэльыдджэри дэгум уепсальэри зыщ.
●Сахуэм кьызэщIигъэнжIакъым, ауэ дэпыр ехъуэм!

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэкIыжьыкIэм я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-14; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суртхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхущ1ыуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм яжу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №ПИ-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Уэрдокъуэ Жеремэ, корректорхэр Дышэкl Соня *(1, 2-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* Ныр Саидэ, *суртхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ»м и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.766 • Заказ №552